



Estanda Aprantisaj pou Elèv k ap Antre nan Jadandanfan

Sosyo-Konpetans

- Konnen prenon ak siyati
- Rekonèt emosyon pèsonèl ak emosyon lòt moun
- Rekonèt epi kontwole pwòp konpòtman li
- Itilize mo pou kominike emosyon
- Montre li komanse kapab rezoub pwoble, enkli ofri solisyon potansyèl
- Rete konsantre sou yon travay pandan omwen 5 minit
- Kapab epi vle pataje
- Li pa bezwen fè yon ti dòmi ankò pandan jounen an

Langaj

- Suiv enstriksyon 2 etap ("Mete soulye w, epi pran manto ou.")
- Angaje nan echanj konvèsasyon avèk adilt ak zanmi
- Kapab eksprime tèt yo epi adilt ak zanmi konprann yo nan itilize nouvo mo vokabilè ak detay
- Poze ak reponn kesyon avèk adilt ak zanmi

Lekti ak Ekriti

- Kontan gade liv
- Tounen rakonte oswa imite yon istwa
- Rekonèt mo senp ki rime (bat → cat)
- Idantifye son endividylè nan yon mo (idantifye "mmm" kòm premye son nan "mop")
- Idantifye majorite lèt majiskil ak miniskil
- Rekonèt majorite son lèt yo
- itilize majigridi pou mete panse sou papye
- Ekri prenon

Matematik

- Konte objè youn alafwa jiska 15
- Kreye ti gwoup objè (gwoupe objè epi konte konbyen)
- Li epi ekri chif 1 jiska 30.
- Idantifye fòm debaz

Atant ki anlè a reprezante konpetans espesifik timoun ta dwe genyen oswa ap travay sou yo alafen eksperyans klas matènèl yo. Li enpòtan pou sonje timoun antre nan jadandanfan avèk yon varyete konpetans ak eksperyans. Pwofesè nan Distri Lekòl Reyon Palm Beach la sipòte timoun k' ap antre nan jadandanfan nan tout nivo aprantisaj ak devlopman. Yo te devlope lis konpetans sa yo kòm yon pati nan "Riviera Beach Prekindergarten Collaborative", ki se yon efò kolaboratif ant pwofesè jadandanfan ki soti nan plizyè lekòl primè Riviera Beach ak direktè/tris/ enstriktè ki soti nan plizyè sant gadri prive Riviera Beach.